

**B** **City of Boston**  
*c/o Direct Energy*  
*P.O. Box 180*  
*Tulsa, OK 74101-0180*

**CITY of BOSTON**

Presort First Class  
U.S. Postage Paid  
Boston, MA  
Permit #1736

**PA JETE - AVI ENPÒTAN KONSÈNAN PRI ELEKTRISITE'W**



Lèt sa gen enfòmasyon enpòtan sou bòdwo elektrisite.

12 Septanb, 2025

Chè Vwazen,

Founisè elektrisite aktyèl ou se Eversource Basic Service. Sa vle di ki Eversource delivre e founi elektrisite'w. A pati de Novanb 2025, nouvo founisè'w se **Boston Community Choice Electricity/ Chwa Elektrisite Kominotè (BCCE)**.

### KISA BCCE ye?

Chwa Elektrisite Kominotè (Community Choice Electricity) se yon pwogram ki founi elektrisite ki stab, abòdab, e ki renouvlab pou moun ki man lwaye, ki gen kay, ak ti biznis. Pwogram lan pèmèt Vil la kontrakte an dirèk ak founisè elektrisite pou ou pou kapab bay yon altènatif a Sèvis de Baz Eversource. Direct Energy, founisè aktyèl pou BCCE, bay elektrisite a tout konsomatè ki nan moman sa anrole nan Pwogram lan jiska fen 2027. Menm ke Pwogram lan ranplase Eversource antan ke founisè elektrisite'w, Eversource ap kontinye delivre elektrisite'w ak bòdwo'w chak mwa.

| Kisa kap chanje:                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                  | Kisa kap rete menm jan:                                                                                                                                                                                                                                                                                        |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>Pwovizyon elektrisite'w ap soti nan men Vil Boston a travè founisè aktyèl li, Direct Energy.</li> <li><b>"Billing for the City of Boston CCE"</b> ap parèt nan bòdwo'w antan ke founisè elektrisite'w.</li> <li>Pri pwovizyon elektrisite'w ap Plan Standa Pwogram lan a \$0.14805/kWh pou yon mwa epi dedwi a \$0.14231/kWh jiska Desanb.2027.</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>Livrezon elektrisite, jesyon kont ou, ak bòdwo'w ap jere pa Eversource.</li> <li>Eversource ap reponn ou pou ijans, li kontè yo e antretni liy distribisyon ak liy transmisyon yo.</li> <li>W'ap kontinye gen tout dwa a pwoteksyon ke kliyan nou yo genyen.</li> </ul> |

### KISA POU MWEN FÈ?

- **Si ou pa pran okenn aksyon:** W'ap otomatikman anwole nan Plan Standa BCCE, plan otomatik Pwogram lan, ki ap kòmanse an Out e **"Billing for City of Boston CCE"** ap parèt antan ki founisè'w pou bòdwo mwa Desanb.

Lè kont ou anwole pou bòdwo Novanb lan, pri elektrisite'w ap vinn \$0.14805/kWh. Nouvo kontra elektrisite BCCE ap kòmanse 2025. A pati de sik bòdwo Desanb, nouvo pri plan Standa ap \$0.14231/kWh jiska Desanb 2027.

- **Si ou vle retire tèt ou:** Tanpri siyen e voye pa lapòs kat pou retire tèt ou Oktober 16, 2025. E ou kapab rele Direct Energy nan (855) 402-5868 oubyen ranpli fòm pou retire tèt ou nan [boston.gov/bcce](https://boston.gov/bcce). Eversource ap kontinye founisè elektrisite'w, e w'ap peye pri pa yo, ki chanje chak sis mwa.

Rezidan k'ap resevwa benefis asistans piblik e ki gen yon revni kay ki egal oubyen ki pi ba pase 60% revni medyan eta a, kapab elijib pou yon rabè sou bill elektrik yo. Patisipasyon'w nan BCCE **pap** entèfere ak okenn kredi Everource, plan peman ke oubyenn rabè. Pou rabè adisyonèl ou kapab rabese a Opsyonèl de Baz (Aktyèlman \$0.14205/kWh). Vizite [boston.gov/energy](https://boston.gov/energy) pou plis enfòmasyon.

Ogmante a Green 100 (aktyèlman \$0.17195/kWh), yon opsyon ki fasil e abòdab pou sipòte enèji pwòp. Tout enèji renouvlab nan Pwogram lan jenere nan zòn New England Lè ou rantre nan Green 100 ke w'ap jwe yon wòl kritik nan redwi polisyon, pwoteje anviwonman nou, e ede Boston vin yon vil ki net nan kabòn. Retire tèt ou jodi a [boston.gov/bcce](https://boston.gov/bcce).

## PRI NOUVO PWOGRAM

**Pri kontra aktyèl yo ap diminye an Desanb. Nouvo pri yo ap rete bloke jiska Desanb 2027.**

### BOSTON COMMUNITY CHOICE ELECTRICITY (CHWA ELEKTRISITE KOMINOTÈ BOSTON) (BCCE)

| BAZ OPSYONÈL                           |                                                                                   | STANDA (pa defo)                                                                        | GREEN 100 OPSYONÈL                                                                       |
|----------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------|
| Pri                                    | \$0.13661/ kWh                                                                    | \$0.14231/ kWh                                                                          | \$0.16248/ kWh                                                                           |
| Dire                                   | Desanb 2025 – Desanb 2027                                                         |                                                                                         |                                                                                          |
| Klass I Kontni Enèji Renouvlab MA 2025 | 27% Renouvlab<br>Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab minimòm Massachusetts mande | 42% Renouvlab<br>Ajoute 15% of Enèji Renouvlab MA Class I sou tèt obligayon minimòm Eta | 100% Renouvlab<br>Ajoute 73% of Enèji Renouvlab MA Class I sou tèt obligayon minimòm Eta |
| Tèm pou soti                           | PA GEN PENALITE OUBYEN FRÈ                                                        |                                                                                         |                                                                                          |

| SÈVIS DE BAZ                                                                                                                                                                                                                          |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Rezidansyèl: \$0.14884/ kWh<br>Ti Biznis Komèsyal&Endistriyèl: \$0.15150/ kWh<br>Biznis Komèsyal&Endistriyèl Medyòm e Laj: \$0.18127/ kWh<br>Poto Lari: \$0.15150/ kWh                                                                |
| Rezidansyèl: 1 Out, 2025 – 31 Janvyè, 2026<br>Ti Biznis Komèsyal&Endistriyèl: 1 Out, 2025 – 31 Janvyè, 2026<br>Biznis Komèsyal&Endistriyèl Medyòm e Laj: Novanb 1, 2025 – Janvyè 31, 2026<br>Poto lari: 1 Out, 2025 – 31 Janvyè, 2026 |
| 27% Renouvlab<br>Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab Massachusetts mande                                                                                                                                                             |
| PA GEN PENALITE OUBYEN FRÈ                                                                                                                                                                                                            |

BCCE paka garanti rabè paske pri Eversource yo chanje de fwa pa ane. Gòl agregasyon an se pou li ede ekonomize pandan ke pwogram lan dire.

\*Tarif BCCE aktyèl yo gen ladan yo (1) yon Frè Sèvis Konsiltan \$0.0007/kWh, ki pral ogmante a \$0.0008/kWh an Desanb, pou fasilite Pwogram nan; (2) yon Frè Sèvis Minisipal \$0.00011/kWh, ki pral ogmante a \$0.00034/kWh an Desanm pou finanse depans pèsone pou Pwogram nan ak Sèvis Pwogram yo.

\*Pri an kapab ogmante a koz de chanjman nan lwa ki vin fè yon ogmantasyon dirèk nan pri yo pou tan ke kontra dire.

### KESYON KE MOUN MANDE SOUVAN

- **Ki diferans ki genyen ant Pwovizyon ak Livrezon?** Frè livrezon nan bòdwo elektrisite w se pri elektrisite ke ou sèvi lakay ou chak mwa. Frè livrezon an se pri an pou antretni distribisyon elektrisite ak liy transmisyon yo e jere kont ou, ki enkli jenere bòdwo chak mwa, li kontè w, e pran peman w yo.  
*Ou paka chwazi kilès ki delivre elektrisite w, men ou ka chwazi kilès ki founi elektrisite w. Menm si ou chanje founisè w sa pap gen okenn efè sou frè livrezon w.*
- **Eske sa ap afekte benefis asistans elektrisite m oubyen plan peman m?** Non, w ap kontinye resevwa yon benefis de Eversource.
- **Mwen gentan chwazi yon founisè konpetitif poukont mwen, kisa pou mwem fè?** Ou dwe retire tèt ou nan BCCE pou kapab evite okenn vyolasyon kontra. Ou kapab retire tèt ou lè ou voye kat pou retire tèt ou, ranpli fòm pou retire tèt ou nan [boston.gov/bcce](https://boston.gov/bcce), oubyen rele Direct Energy, founisè elektrisite dirèk pou vil lan, nan (855) 402-5868.
  - ◆ Rezidan ki prefere pou yo gen BCCE antan ke founisè yo olye de founisè elektrisite konpetitif aktyèl la dwe kontakte Pwogram lan pou plis asistans.
- **Mwen gen yon kont ki egzante de taks, kisa mwen bezwen fè?** Pou kenbe estati egzansyon taks ou a, ou dwe voye yon kopi [Sètifika Egzansyon Enèji](https://www.directenergy.com/na/tax-exemption) ou a pa imèl nan [usn.taxexemption@directenergy.com](mailto:usn.taxexemption@directenergy.com), pa faks nan (800) 5400-7428, oubyen pa lapòs nan Direct Energy Attn: USN Tax Exemption at P.O. Box 180, Tulsa, OK 74101-0180.
- **Mwen gen pano solè oubyen kominote solè; eske map kontinye resevwa kredi?** Wi, w ap kontinye resevwa kredi sou kontè yo oubyen kredi nan bil yo, e nou pap chanje valè kredi yo pandan y ap patisipe nan BCCE.

Pou aprann plis, vizite nou sou entènèt nan [boston.gov/bcce](https://boston.gov/bcce), rele 3-1-1, oubyen imèl [bcce@boston.gov](mailto:bcce@boston.gov).



Brian Swett

Ofisye Klima Chèf | Kabinè Anviwònman, Enèji, ak Kabinè Espas Ouvri

## KONTNI ENÈJI RENOUVLAB - Obligatwa e Pousantaj Volontè pa Ane

| Pwovizyon Elektrisite Chwa Kominotè |                    | Ane  | Obligatwa pa Eta* |     | Volontè**  |     | TOTAL |
|-------------------------------------|--------------------|------|-------------------|-----|------------|-----|-------|
|                                     |                    |      | Klass I MA        | Lòt | Klass I MA | Lòt |       |
| Chwa Elektrisite Kominotè Boston    | STANDA (defo)      | 2025 | 27%               | 36% | 15%        | --- | 78%   |
|                                     |                    | 2026 | 30%               | 39% | 15%        | --- | 84%   |
|                                     |                    | 2027 | 33%               | 43% | 15%        | --- | 91%   |
|                                     | BAZ OPSYONÈL       | 2025 | 27%               | 36% | ---        | --- | 63%   |
|                                     |                    | 2026 | 30%               | 39% | ---        | --- | 69%   |
|                                     |                    | 2027 | 33%               | 43% | ---        | --- | 76%   |
|                                     | GREEN 100 OPSYONÈL | 2025 | 27%               | 36% | 73%        | --- | 136%  |
|                                     |                    | 2026 | 30%               | 39% | 70%        | --- | 139%  |
|                                     |                    | 2027 | 33%               | 43% | 67%        | --- | 143%  |
| SÈVIS DE BAZ Eversource             |                    | 2025 | 27%               | 36% | ---        | --- | 63%   |
|                                     |                    | 2026 | 30%               | 39% | ---        | --- | 69%   |
|                                     |                    | 2027 | 33%               | 43% | ---        | --- | 76%   |

\*Obligatwa selon Leta - Pousantaj minimum obligatwa de resous enèji renouvlab ki obligatwa selon lwa MA.

\*\*Volontè - Enèji renouvlab adisyonèl ki ale o dela de minimòm ke leta oblije nan yon ane spesifik.

Pou detay adisyonèl de obligasyon de enèji renouvlab, tanpri vizite [mass.gov/info-details/program-summaries](https://mass.gov/info-details/program-summaries).



## KAT POU RETIRE TÈT OU DE PWOGRAM CHWA ELEKTRISITE KOMINOTÈ BOSTON

Si ou vle patisipe nan Pwogram Chwa Elektrisite Kominotè Boston an, ou pa bezwen pran aksyon sa.

N'ap anrole'w otomatikman.

### Enstriksyon pou retire tèt ou

**Si ou pa vle patisipe:**

- 1) Siyen e date
- 2) Mete li nan anvlòp ke nou ba ou an
- 3) Mete li nan lapòs

Kat la dwe siyen pa konsomatè ki sou bòdwo a ke non li parèt nan adrès ki sou kat la. **Anvlòp la dwe ale nan lapòs denye jou 16 Oktòb, 2025 pou kapab retire tèt ou anvan ke ou anrole otomatikman.**

X

Siyati

Dat